



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 22/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO SISTÈM VANTILASYON ESTANDA YO POU SALON MANIKI AK PEDIKI YO

Nouvo Règleman Sistèm Vantilasyon yo Pral Fè Salon nan Leta New York yo vin pi Sekirite pou Travayè ak Konsomatè yo nan Peyi an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke nouvo ekzijans sistèm vantilasyon yo pou pwoteje travayè ak kliyan yo nan salon maniki ak pediki yo pral efektif apati mwa Oktòb. Nouvo sistèm vantilasyon salon maniki ak pediki yo dwe konfòm ak règ estanda ki etabli pa Lwa Mekanik Entanasyonal 2015 lan, ki gen ladan'l ekzijans espesifik sistèm vantilasyon yo pou salon maniki ak pediki yo ansanm ak nenpòt lòt biznis ki bay sèvis maniki ak pediki yo, tankou salon kwafi yo.

Ekzijans sa yo gen ladan yo pou yo bay lè fre ki sifizan pou retire tout konpoze chimik yo, vapè yo, lafimen yo, pousyè ak lòt kontaminan lè yo ki soti nan salon an, epi pouse yo soti deyò. Sistèm vantilasyon yo dwe asire ke okenn lè ki pouse deyò yo pa pral retounen rantr nan salon an oubyen nan okenn lòt espas nan etablisman kote biznis lan ap opere an. Lwa sa ekzije tou sistèm echapman espesifik nan tout estasyon travay maniki ak pediki yo.

“Travayè nan salon maniki ak pediki yo te eksplwate anpil epi yo te ekspoze a dè konpoze chimik ki danjere ak pwoteksyon minim oubyen san pwoteksyon,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nouvo règleman sa yo pral fè salon maniki ak pediki yo nan New York vin pi sekirite pou travayè yo ak konsomatè yo ki soti tout kote, epi tou se yon lòt ekzanp angajman administrasyon nou an pou li pwoteje travayè ki vilnerab yo epi fè etablisman travay yo atravè tout eta a vin pi sekirite.”

Apati 3 Oktòb 2016, yo pral ekzije pou sistèm vantilasyon yo nan salon maniki ak pediki yo pou yo konfòm ak estanda sa yo, ke yo te adopte nan kòmansman ane a kòm estanda bazik pou batiman yo nan Eta New York. Lwa sa se lwa mekanik ki pi itilize Etazini, epi tou li itilize kòm yon baz pou lwa mekanik yo nan plizyè lòt peyi.

Salon sila yo ki te jwenn lisans apre 3 Oktòb 2016 yo, pral genyen senk ane adisyonèl pou yo vin an règ ak lwa yo. Apati 3 Oktòb 2021, yo pral ekzije tout salon yo pou yo genyen sistèm vantilasyon ki aplike nouvo règ estanda yo. Nouvo règleman sistèm vantilasyon yo te sipòte pa yon [rapò](#) ke Depatman Sante te pwodwi, ki te dekouvri ke gen konpoze chimik ki pwobableman danjere ki nan pwodwi zong yo, ki kapab koze konsekans grav sou sante travayè yo, sou yon peryòd tan ki kout ak sou peryòd tan ki long.

Ou ka jwenn nouvo règleman sistèm vantilasyon yo [isit la](#). Divizyon Depatman Leta pou

Sèvis Lisansman pral òganize yon seri reyinyon sansibilasyon nan semèn k'ap vini la yo, pou ka eksplike nouvo règleman yo nan endistri salon maniki ak pediki yo, ansanm ak lòt biznis ke Depatman ki responsab pou bay sèvis maniki yo te bay lisans.

Gouvènè Cuomo te kreye Fòs Entèkansyon Ranfòsman Endistri Salon Maniki ak Pediki an ki pou abòde pwoblèm eksplwatasyon ak abi travayè salon maniki ak pediki yo. Fòs Entèkansyon an te mande salon maniki ak pediki yo pou yo peye travayè yo plis pase 2 milyon dola aryere salè ak domaj yo.

Aprè kreyasyon Fòs Entèkansyon an, Leta New York te adopte yon seri refòm nan endistri salon maniki ak pediki yo, sa enkli tou ekzijans pou pwopriyetè yo bay ekipman sekirite adekwat ki apwopriye, tankou mask, pwoteksyon zye ak gan yo. Anpil pwopriyetè salon yo te konn fè moun k'ap travay nan salon yo peye pou ekipman yo, tankou gan yo ak pens pou zong yo.

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Fòs Entèkansyon an nan lide pou Konbat Eksplwatasyon Travayè yo te kontakte 1,547 biznis pou yo peye remèt anviwon 4 milyon dola nan kòb aryere salè ak domaj yo bay plis pase 7,500 travayè, depi kòmansman li nan mwa Jiyè 2015. Gouvènè an tou te anonse plizyè lòt inisyativ pou amelyore sante ak sekirite travayè yo, sa enkli tou yon investigasyon sou eksplwatasyon travayè lavaj nan dray yo ak yon efò kowòdone pou bani konpoze chimik danjere yo, tankou pèkloretilèn (PERC), ke yo konn itilize souvan nan endistri sa.

Leta pral lanse tou yon nouvo pwogram don 5 milyon dola ak RFP pou ede òganizasyon ki pa likratif yo pou etann sèvis yo pou ede travayè ki eksplwate to. Gouvènè an te make premye ane anivèsè fòs entèkansyon an nan yon evènman nan Manhattan kote li te siyen [Dekrè Ekzekitif Niwewo 159](#) pou etabli yon fòs entèkansyon pèmanan sou tout eta a kont eksplwatasyon travayè yo ak movèz klasifikasyon. Anons yo te fè swit a piblikasyon [rapò](#) anyèl Fòs Entèkansyon an, ki te enkli rekòmasyon yo pou pwoteje travayè yo kont pratik predate yo.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418